

# Lè Ou Pran Retrèt Nan Pwòp Biznis Ou: Sa Ou Bezwen Konnen

2006



**S**i ou posede yon biznis epi ou ap dirije biznis la, epi ou poko gen tout laj pou retrèt konplè ou men ou ap prepare pou li, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen si ou ap retrète nèt, oswa si ou planifye pou ou toujou kontinye travay. Si ou nan laj pou pran retrèt konplè ou oswa ou depase laj la, ou ka touche tout valè benefis Sekirite Sosyal ou, kèleswa si ou retrète ou pa, nan biznis ou.

Lè ou travay pou yon lòt moun, li fasil pou detèmine si ou "retrete." Chèk travay ou rakonte tout istwa a. Men lè ou travay nan pwòp biznis pa ou (oswa biznis fanmi ou posede), oswa ou se yon responsab nan yon konpayi, se pa yon afè ki senp. Paske ou ka nan pozisyon pou ou ka kontwole ki salè ou fè, ou ka bezwen bay Sekirite Sosyal plis enfòmasyon—tankou fòm taks oswa dosye konpayi a—lè ou ap aplike pou benefis retrèt ou. Sa ap ede nou detèmine kantite benefis Sekirite Sosyal ou. Salè ou dwe annamoni avèk travay ou fè a. Ou pa dwe bay pwòp tèt ou yon salè ki pi piti poutèt pou ou ka rete anba limit salè Sekirite Sosyal.

## Kòman salè ou diminye benefis Sekirite Sosyal ou

Pou ane 2006 la, si ou poko gen tout laj pou ou pran retrèt konplè ou (65 lane ak 8 mwa), ou ka touche jiska \$12,480 salè pou ane a, epi toujou kalifye pou resevwa tout benefis Sekirite Sosyal ou. Pou chak \$2 ou touche depase limit sa a, benefis Sekirite Sosyal ou ap diminye de \$1. Nan ane ou gen tout laj pou pran retrèt konplè ou (65 lane ak 8 mwa pou moun ki ap pran retrèt konplè yo pandan 2006 la), benefis ou yo ap diminye de \$1 pou chak \$3 ou touche ki depase \$33,240, jiskaske ou rive nan mwa ou gen tout laj pou pran retrèt konplè ou. Lè ou rive nan laj pou retrèt konplè a, benefis Sekirite Sosyal ou p ap diminye, kèleswa salè ou.

## Èske ou retrete vrèman?

Lè ou ap aplike pou benefis Sekirite Sosyal ou, gen plizyè sitiyasyon ki mande ke ou founi plis enfòmasyon, ansann ak prèv, pou rive detèmine nivo retrèt ou. Pa egzanp, gen kesyon adisyonèl ki ka awopriye si ou —

- Patiste nan yon biznis familyal, epi se yon lòt manm fanmi a ki ranpli tout responsabilite ou yo oswa kèk ladan yo;

- Ap kontinye rann sèvis nan biznis la, men ou ap touche yon salè ki redwi;
- Nan yon pozisyon pou ou kontwole salè ou;
- Toujou posede tout biznis la oswa yon pòsyon nan biznis la, epi ou posede aksyon ladan li, oswa ou
- Pataje salè ou avèk lòt moun (kidonk, ou separe ansyen salè ou ant ou menm ak moun ki marye avèk ou a, oswa pitit ou; pa egzanp).

## Gen prèv anplis ki ka nesesè

Anplis aplikasyon pou benefis retrèt la, n ap mande ou pou ou ban nou enfòmasyon sou plan retrèt ou yo. Nou ka mande ou pou ranpli yon *Self-Employment/Corporate Officer Questionnaire* (Form SSA-4184), (*Kesyonè Responsab Konpayi/Travay Endepandan*—Fòm SSA-4184), pou ban nou enfòmasyon nou bezwen pou detèmine si ou retrete. Nou ka mande ou lòt dokiman tou, tankou fòm taks pèsonèl ou ak fòm taks biznis la, regleman biznis la, kontra transfè aksyon biznis la ak prèv demisyon ou. Nou pran yon atansyon espesyal nan sitiyasyon kote salè ou te diminye men ou resevwa konpansasyon sou yon lòt fòm. Sa ka enkli yon ogmantasyon nan dividann ou, yon ogmantasyon nan salè pou yon lòt manm fanmi ou (san responsabilite li pa chanje), peman lwaye ki egzajere, oswa ranbousman prè ak depans pou biznis la ki san eksplikasyon.

## Kisa nou konsidere kòm salè

Lè ou kontinye ap resevwa konpansasyon nan biznis la, nou konsidere ki kalite travay ou te fè ak ki kantite lajan ou te touche pandan ou t ap travay, epi nou konpare li avèk travay ou ak salè ou apre ou "pran retrèt ou." Nou detèmine valè ki rezonab pou sèvis ou fè pou biznis la, selon tan ou pase nan biznis la avèk kalite sèvis yo, epi nou konpare yo avèk revni ou resevwa. Si nou deside valè sèvis ou depase salè ou, nou dwe detèmine yon kantite dola pou sèvis sa yo, epi nou dwe konpare li avèk limit salè anyèl Sekirite Sosyal ou.

Epitou, si nou detèmine ou pa retrete epi salè ou rapòte a pi piti pase sa ou te touche, nou gen dwa pou ajiste dosye salè Sekirite Sosyal ou. Nou ka avèti Sèvis Enpo sou Revni Ameriken (Internal Revenue Service) tou, pou li ka detèmine si lajan taks ou dwe ajiste tou.

(lòt bò a)

## Yon egzanp

Men yon egzanp ki dekri yon sitiayson ki mande yon gwo antrevi ak anpil dokiman, paske moun nan pran retrèt nan yon biznis oswa yon sosyete fanmi li posede. Msye Jean-Baptiste posede yon magazen mèb, l ap dirije magazen li, epi li deside pou li aplike pou benefis Sekirite Sosyal. Li deside nonme madanm li kòm manadjè, malgre li gen entansyon kontinye kontwole epi jere biznis la. N ap bezwen konpare salè li avèk nivo travay li te fè anvan li te nonme madanm li kòm manadjè.

Si nou aprann “retrèt” Msye Jean-Baptiste la se senpleman yon tranzaksyon sou papye pou transfere salè li bay madanm li, san pa gen rediksyon vre nan sèvis li founi nan biznis la, nou ka ajiste dosye salè li pou reprezante patisipasyon li nan biznis la, epi nou ka peye li benefis selon dosye ki ajiste a. Nou ka raple Msye Jean-Baptiste ke si li vle kontinye travay epi resevwa benefis Sekirite Sosyal li, kantite lajan salè li dwe annamoni avèk kantite travay li fè.

## Premye kontak ou avèk biwo Sekirite Sosyal enpòtan

Ou ta dwe verifye avèk Sekirite Sosyal anvan ou aplike pou benefis yo, pou asire ke ou konnen ki dokiman ou ap bezwen. Sonje, si ou poko gen tout laj pou pran retrèt konplè ou, ou dwe pran “retrèt” ou nan biznis ou, pou ou ka resevwa benefis “retrèt” ou nan Sekirite Sosyal—oswa, ou dwe omwen fè yon gwo diminisyon nan patisipasyon ou nan biznis la, epitou ou dwe kite salè ou nan limit ke nou eksplike deja a. Sa ap pèmèt nou peye ou enpe oswa tout benefis Sekirite Sosyal ou.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl preznan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kè apèl telefonik.

